

Gladhen 1: Ngrakit Ukara Kanthi Unen-Unen Jawa

Ing pasinaon iki bocah-bocah kabeh bakal diajak sinau ngrakit ukara kanthi nganggo unen-unen basa Jawa. Ana kene, pangetrapane paribasan, bebasan, lan saloka ana ing ukara. Kanggo ngrakit ukara mawa unen-unen Jawa, ana bab sing kudu digatekake, yaiku kudu mangerteni tegese unen-unen (ungkapan) kasebut luwih dhisik. Pangrakite ukara nganggo unen-unen Jawa, ditindakake miturut golonganane sing wis ditata.

Gawea ukara nganggo unen-unen arupa paribasan kang wis cumepak!

No.	Paribasan	Teges /karepe
1	Njajah desa, milang kori	Mideri panggonan nganti tekan ngendi-endi
2	Abang-abang lambe	Guneme mung lamis
3	Wani ngalah, luhur wekasane	Wong kang ngalah bakal nemu kabegjan ing tembe burine
4	Kenes ora ethes	Wong sing sugih nanging ora disenengi
5	Durung becus kaselak besus	Seneng umuk nanging ora mrantasi karya (sembada)
6	Sabaya pati, sabaya mukti	Bungah lan susah bakal dilakoni bebarengan.

Ukarane:

- 1)
- 2)
- 3)
- 4)

- 5)

 6)

Gladhen 2: Ngrakit Ukara Nganggo Bebasan

Gawea ukara nganggo tetembungan arupa unen-unen kang wis cumepak!

No.	Bebasan	Teges/karepe
1	Ungak-ungak pager arang	Duwe melik (pengin marang) bandhane liyan.
2	Yitna yuwana, lena kena	Sing ngati-ati bakal slamet, sing sembrana cilaka.
3	Cincing-cincing meksa klebus	Karepe ngirit, nanging malah entek akeh.
4	Udan tangis	Akeh wong sing kesusahan amarga ketaman bencana.
5	Sepi ing pamrih rame ing gawe	Nindakake pagawean kanthi ora duwe kamelikan apa-apa.
6	Sadawa-dawane lurung isih dawa gurung	Kabar iku mesthi sumebar adoh, lan adoh karo kanyatane.

Ukarane:

- 1)

 2)

 3)

 4)

 5)
